

# Asirans Lopital Gwoup Endemnité

Asirans sejour  
lopital lè yon  
maladi oswa  
yon blesi rive



## PANSE AK SA



Ameriken yo peye prèske 60% plispou sejour lopital pase pasyan ann Ewòp oswa Kanada.<sup>†</sup>



**\$11,700**  
Pri mwayen yon sejour lopital 24 èdtan nan Etazini<sup>††</sup>



De tyè nan Ameriken yo te resevwa yon fakti medikal inatandi apre yon sejour lopital<sup>†††</sup>

Yon maladi oswa yon aksidan ka voye w lopital la epi asirans medikal ou ka pa kouvri tout depans yo, tankou kopeman ak franchiz. Asirans endemnité Lopital bay yon avantaj lajan kach pou ede ak depans ki pa kouvri.

### Men kijan l Fonksyone

- Chwazi pwoteksyon ki bon pou ou menm ak fanmi w
- Si oumenm oswa yon manm fanmi mande pou yon sejour lopital, ou fè yon reklamasyon
- Yon benefis lajan kach se depoze dirèk oswa yon chèk se poste epi yo ka itilize menm jan ou vle\*

### Pwoteje Finans ou

Ou te travay di pou ekonomi w – pa kite yon fakti lopital fini yo.

- Pwoteje lajan ki nan kont depans ak ekonomi w
- Pa foute men nan 401(k) w



**Pwoteje moun ki gen asirans  
pou plis pase 60 an**

### Reponn ak Bezwen w

- Gen ladan benefis pou opitalizasyon, operasyon, pasyan ki pa entène, swen enfimyè, transpò, plis lòt benefis ou ka ajoute pou amelyore pwoteksyon w.
- Pwoteksyon an ka gen ladan depandan w yo
- Avantaj yo peye pou ou dirèkteman sof si yo asiyen yon lòt kote, epi peye kèlkeswa nenpòt lòt pwoteksyon ou ka genyen\*

<sup>†</sup><https://www.healthsystemtracker.org/brief/what-drives-health-spending-in-the-u-s-compared-to-other-countries/>  
<sup>††</sup><https://www.debt.org/medical/hospital-surgery-costs/> <sup>†††</sup><https://newsroom.heart.org/news/poll-surprise-medical-bills-pose-significant-financial-burden> \* Tanpri al gade seksyon Eksklizyon ak Limitasyon nan bwochi sa a.

# Rankontre Tommy



## Chwazi

Manman Tommy te enskri pou Asirans Indemnité Lopital pandan Enskripsyon Ouvri konpayi l ap travay la.

## Itilizasyon

Kèk mwa apre, Tommy te plenyen li gen doule nan vant li. Li gen lafyèv, l ap vomi. Men istwa l:



### Anbilans

Paran Tommy rele yon anbilans pou mennen l nan ijans lopital la



### Tès

Aprè l fin fè kèk tès, doktè yo wè detèmine Tommy gen apenndisit



### Sejou lopital

Yon apendektomi rekòmande pou li e Tommy antre lopital pou l dòmi yon nuit



### Operasyon

Tommy fè operasyon nan demen jou epi pase yon lòt nuit nan lopital la



### Gerizon

Yo voye Tommy ale pou refè ak vizit suivi ak doktè li pwograme lopital la

## Reklamasyon

Manman Tommy fè yon reklamasyon ak pwoteksyon Indemnité Lopital li atravè pòtay entènèt pratik la, **MyBenefits**. Li resevwa avantaj lajan kach pou:

- Anbilans
- Premye Entènè Lopital
- Entènè Lopital Chak Jou
- Operasyon
- Anestèzi
- Tretman Doktè pou Pasyan Entènè
- Tretman Doktè pou Pasyan ki pa Entènè

### Pòtay pou depoze reklamasyon MyBenefits

[standard.com/ahl/mybenefits](https://standard.com/ahl/mybenefits)

Ofri aksè 24/7 ak enfòmasyon enpòtan sou avantaj sou ou. Siyati elektwonik, voye ak verifiye reklamasyon w (sa gen ladan l dosye reklamasyon), mande pou yo depoze lajan kach avantaj yo dirèk, fè chanjman nan enfòmasyon pèsònèl, ak plis ankò.

## Men kèk nan fason manman Tommy a ka itilize avantaj lajan kach li yo



### Finans

Ka ede pwoteje ekonomi l, plan retrèt li ak 401(k) pou yo pa fin itilize l



### Vwayaj

Ka ede peye depans yo pandan l ap resevwa tretman nan yon lòt vil



### Lakay

Ka ede peye ipotèk la, kontinye pèman lwaye, oswa reparasyon kay pou swen yo bay apre



### Depans

Ka ede peye depans lavi fanmi l, tankou fakti, kouran ak gaz

Egzanp ki pi wo a bay detay sou yon sitiyasyon ki pa reyèl; eksperyans pa w ka diferan. Pou yon lis avantaj ak montan avantaj yo, gade paj 3 ak 4.

## Montan avantaj yo

Avantaj Ospitalizasyon*		Plan
Premye Ospitalizasyon (yon fwa pa ane asirans, pa mou)		\$415
Ospitalizasyon Chak Jou (chak jou)		\$165
Swen Entansif Lopital (chak jou)		\$165
Avantaj pou Operasyon*		Plan
Operasyon (dapre orè a)		\$33 - \$825
Anestezi (% nan Operasyon)		25%
Tretman Doktè pou Pasyan Entèn (chak jou)		\$41
Avantaj pou Pasyan ki pa Entèn*		Plan
Aksidan Ijans pou Pasyan Ki Pa Entèn (chak jou)		\$415
Tretman Doktè pou Konsiltasyon pasyan Ki Pa Entèn (chak jou)		\$41
Enfimyè lakay (chak jou)		\$83
Anbilans (chak jou)	Terès	\$249
	Ayeryen	\$498
Transpò ki pa Lokal (chak jou)		\$249

\*Montan avantaj kontra asirans lan ogmante pa 5% apre premye ane kouvèti a ak chak ane Kouvèti a apre sa, pou 5 ane k ap vini yo. Montan avantaj an dola pou ane kouvèti 6 ak apre yo se 125% nan montan avantaj inisyal ki endike la a.

## Plann Prim Chak semèn

LAJ	EE	EE + SP	EE + CH	F
18-35	\$4.93	\$9.43	\$8.28	\$12.53
36-49	\$5.74	\$11.01	\$9.50	\$14.51
50-59	\$7.02	\$13.82	\$10.90	\$17.40
60-64	\$9.18	\$18.36	\$13.17	\$22.00
65+	\$12.09	\$24.18	\$16.45	\$28.13

EE = Anplwaye; EE + SP = Anplwaye + Konjwen;  
EE + CH = Anplwaye + Timoun; F = Fanmi

## **Benefis** - Benefis ki peye pou kondisyon sa yo (sijè a limit ki nan lis nan paj 3)

### **Avantaj pou ospitalizasyon**

**Premye Ospitalizasyon** - yon fwa pou chak ospitalizasyon ki kontinye pou chak moun ki kouvri, pou chak ane kouvèti a. Pa peye pou gwoès nòm al oubyen konplikasyon gwoès la, oubyen pou premye akouchman yon tibebe ki fèk fèt apre nesans. Premye entèn opitalizasyon yon tibebe ki fèk fèt la gen ladan nenpòt transfè nan yon lòt lopital anvan yo voye timoun nan lakay li

**Entènasyon lopital chak jou** - jiska 180 jou pou chak ospitalizasyon kontinyèl. Pa peye pou swen enfimye woutin yon tibebe ki fèk fèt oswa swen pou tibebe byennèt pandan premye entènman lopital la

**Swen Entansif Lopita** - jiska 60 jou pou chak ospitalizasyon ki kontinye. Peye anplis avantaj Ospitalizasyon Chak Jou a

### **Avantaj pou operasyon**

**Operasyon** - pou operasyon ki fèt nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa. Montan ki peye a depann de tip operasyon an. De oswa plis operasyon ki fèt an menm tan atravè yon sèl ensizyon yo konsidere kòm yon sèl operasyon. Peyab yon fwa pa jou pou chak moun ki kouvri

**Anestezi** - 25% nan avantaj pou operasyon an  
**Tretman Doktè Pasyan ki Entèn** - pou sèvis doktè (lòt ki pa yon chirijyen) lè l entèn Peyab yon fwa pa jou pou chak moun ki kouvri epi pou kantite jou Benefis Ospitalizasyon Chak Jou a peyab

### **Avantaj pou pasyan ki pa entèn**

**Aksidan Ijans pou Pasyan Ekstèn** - tretman medikal oswa chirijikal yo te resevwa nan yon sant tretman ijans. Peyab yon fwa pa jou jiska 2 jou pa moun pa ane kouvèti a

**Tretman Doktè pou Konsiltasyon Ekstèn** - doktè tretman resevwa deyò yon lopital pou nenpòt ki rezon. Dwe peye yon fwa pa jou pou chak moun ki kouvri. Maksimòm 5 jou pa moun ki kouvri, pa ane pwoteksyon; 10 jou pa ane pwoteksyon si pwoteksyon Anplwaye + Konjwen oswa Anplwaye + Timoun; 15 jou pa ane pwoteksyon si pwoteksyon Fanmi

**Enfimye nan kay** - peye yon avantaj pou swen enfimye otorize pa doktè k ap bay tretman, nan espas 60 jou apre ospitalizasyon. Peye yon fwa pa jou pou rive jiska 30 jou

**Anbilans** - transpò terès oswa ayeryen nan yon lopital oswa sant tretman ijans pa yon anbilans ki gen lisans oswa anbilans ki pou lopital la. Peyab jiska yon maksimòm de 3 jou pa moun pou chak ane pwoteksyon

**Transpò ki pa lokal** - premye jou enkapasite pou tretman nan yon lopital ki pa lokal ki a 100 milyaj oswa plis lwen lakay ou. Peyab yon fwa pou chak konfinman, jiska 3 jou pa moun pou chak ane kouvèti a



## Pwoteje moun & fanmi pou plis pase 60 an

Pwoteksyon asirans ki bon pou **ede ou menm ak fanmi w pwofite pi gwo lapè finansye nan tèt** ou lè bagay ou pa atann rive.

Lè w chwazi

### **Asirans Volontè Kouvèti Asirans nou,**

nou ka ede ba w lapè finansye nan tèt ou.

Nou gen plis pase 60 ane nan biznis asirans fanmi Ameriken yo. Opsyon asirans enpòtan nou yo ede moun yo pran pi bon desizyon yo pou finans yo ak avni yo.

Kou w fin chwazi pwoteksyon an, enskri sou pòtal sèvis kliyan pratik nou an, MyBenefits, pou jwenn aksè a detay pwoteksyon ou ak dokiman enpòtan yo nenpòt lè. MyBenefits pèmèt ou tou depoze reklamasyon byen vit e fasilman – epi fè yo depoze benefis yo dirèkteman nan kont labank ou (otorizasyon obligatwa).

## Espesifikasyon Sètifika

**Elijibilite** - Pwoteksyon an ka gen ladan ou, mari oswa madanm ou ak pitit ou yo.

**Fen Pwoteksyon** - Pwoteksyon anba kontra asirans lan fini nan dat yo anile kontra a; dènye jou peryòd yo te fè peman prim yo; dènye jou travay aktif la, eksepte jan sa prevwa anba dispozisyon Konje Tanporè, Konje Absans oswa Konje Absans pou Rapò Medikal Fanmi an; oubyen dat ou menm oswa klas ou a pa kalifye ankò. Pwoteksyon pou mari oswa madanm lan fini lè gen yon jijman divòs valab oswa lè ou mouri. Pwoteksyon pou timoun yo fini lè timoun nan rive 26 an, sof si timoun nan andikape epi li depann de ou pou sipò.

## Limitasyon ak Esklizyon yo

**Kondisyon Ki Egziste deja** - Nou pa peye benefis akòz yon kondisyon pre-egzistan si pèt la rive pandan 12 premye mwa pwoteksyon an. Yon kondisyon pre-egzistan se yon maladi oswa yon kondisyon fizik pou ki sentòm yo te egziste nan yon peryòd 12 mwa anvan dat efektif la, oubyen yo te rekòmande oswa resevwa konsèy medikal oswa tretman nan men yonmanm pwofesyon medikal la nan yon peryòd 12 mwa anvan dat efektif la. Yon kondisyon ki te egziste deja ka egziste menm si yo poko fè yon dyagnostik.

**Limitasyon ak Esklizyon** - Yo pa peye benefis pou kondisyon ki koze pa oswa ki rezilta de: blesi oswa maladi ki rive anvan dat efektif la; nenpòt zak lagè oswa patisipasyon nan yon revòlt, ensureksyon oswa rebelyon; swisid oswa tantativ swisid; blesi ki rive pandan w anba enfluyans alkòl oswa nakotik, sof si se sou konsèy yon doktè; patisipasyon nan ayewonotik sof si se yon moun ki peye tikè pasaje nan yon avyon transpò komen ki gen lisans; angaje nan yon okipasyon ilegal oswa komèt oswa tantativ yon agresyon oswakrim grav; chiriji dantè kosmetik oswa plastik, eksepte lè sa nesèsè pou trete yon blesi oswa korije yon maladi; alkolis, dejwe dwòg, oswa depandans sou nenpòt dwòg kontwole; maladi mantal oswa twoub nè; blesi ki fèt entansyonèlman sou tèt ou; swen tibebe ki fèk fèt oswa swen tibebe byennèt routin pandan premye entènman lopital la; akouchman nan premye 10 mwa yo apre dat antre an vigè a (konplikasyon gwoès yo kouvri menm jan ak maladi); kòmansman lopital anvan dat efektif la; anilasyon ligasyon tib oswa vazektomi; ensemnasyon atifisyèl, fekondasyon in vitro, ak fekondasyon nan tib esè (ki gen ladan tè, medikaman ak sèvis doktè), sof si lalwa egzije sa; egzamen oswa ekipman je woutin; aparèy oswa ekipman pou ede moun tande; egzamen ak swen dantè sof si se nan yon aksidan; oswa kondwi nan nenpòt kous oswa tès vitès òganize oswa pwograme oswa teste nenpòt machin sou nenpòt pist kous oswa speedway.

**Eksklizyon Benefis Swen Entansif Lopital** - Nou pa peye okenn benefis anba benefis inite swen entansif lopital pou enkaserasyon nan okenn inite swen ki pa kalifye kòm yon inite swen entansif lopital. Swen pwogresif, swen entansif subegi, swen entèmedyè oubyen inite step-down, chanm prive ak siveyans oubyen nenpòt lòt tretman swen mwens grav pa kalifye.

Kontra asirans y ap fè pwomosyon an disponib ann Anglè sèlman. Nan ka ta gen yon diskisyon, dispozisyon ki nan kontra asirans lan ap gen priorite. Avi sa a, yon tradiksyon fòmilè Anglè ki apwouve a, pa dwe entèprete kòm yon modifikasyon oswa yon chanjman nan kontra asirans lan.

Bwochi sa a se pou itilize nan sit enskripsyon ki nan nan FL. Reklam sa a se yon solisitasyon nan asirans; kontak ka fèt pa yon Ajan, Ajans oswa Reprezantan The Standard.

Rev. 2/26. Dokiman sa a valab toutotan enfòmasyon yo rete ajou, men pa pita pase 1ye fevriye 2029.

Yo bay benefis Endemnite Lopital Gwoup la anba fòmilè kontra asirans GVSP1 la, oubyen varyasyon eta yo bay la.

**Pwoteksyon yo bay la se yon asirans endemnite lopital ak benefis limite.** Règleman sa a pa yon règleman siplèman Medicare. Si w kalifye pou Medicare, revize Gid Achte Sipleman Medicare ki disponib nan American Heritage Life Insurance Company. Ka gen ka kote yon lalwa egzije pou yo peye yon twazyèm pati benefis anba kouvèti sa a, pase ou menm. Si ou menm oswa yon moun ki sou kont ou gen asirans Medicare, Medicaid, oswa yon varyasyon leta a, tanpri al gade dokiman asirans sante ou yo pou konfime si wi ou non asiyasyon oswa privilej ka aplike.

Sa a se yon ti apèsi sou benefis ki disponib anba kontra asirans gwoup ki kouvri pa American Heritage Life Insurance Company (Home Office, Jacksonville, FL). Detay sou kouvèti a, ki gen ladan esklizyon ak lòt limitasyon, yo enkli nan sètifika yo bay yo. Pou plis enfòmasyon, ou ka kontakte Reprezantan w nan The Standard.

**Kouvèti sa a pa reprezante yon kouvèti asirans sante konplè (souvan rele "kouvèti medikal prensipal") e li pa satisfè kondisyon pou kouvèti minimòm esansyèl dapre Lwa sou Swen Abòdab.**



The Standard se non maketing American Heritage Life Insurance Company itilize, yon filiyal StanCorp Financial Group, Inc. [standard.com](http://standard.com) oubyen [standard.com/ahl](http://standard.com/ahl)